# НУР

6+

ISSN 0207 - 6551

12
2015



# 28 БЖЬЫХЬЭКУ 1900 гъ.





# Адыгэ лъэпкъым и набдзэ

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакlуэшхуэ, цlыху щэджащэ, егъэджакlуэ lэзэ Щоджэнцlыкlу Алий къызэралъхурэ илъэс 115-рэ ирикъуащ. Ар Кушмэзыкъуей къуажэм 1900 гъэм къыщалъхуащ. Къуажэ школ нэужьым егъэджакlуэ курсхэр Темырхъан-Шурэ (Дагъыстэным) къыщиухащ. Иужькlэ и щlэныгъэм щыхигъэхъуэну Бахъшысэрей (Къырымым), Константинополь (Стамбул) ягъэкlуауэ щытащ. И хэкум 1919 гъэм къигъэзэжри илъэс 13-кlэ сабийхэр иригъэджащ. Абы и ядэ еджакlуэ цlыкlухэщ (иужькlэ усакlуэ цlэрыlуэ хъуахэу) Кlыщокъуэ Алим, Кlуащ Бетlал, Хьэлупщы Лолэ сымэ.

1939 гъэм Щоджэнцlыкlу Алий къыфlащауэ щытащ искусствэмкlэ щlыхь зиlэ лэжьакlуэ цlэ лъапlэр.

Хэку зауэшхуэм щыдашым зэрымыщlэкlэ нэмыцэхэм гъэр ящlри, Бобруйск (Белоруссием) щылlауэ щытащ.

Усакlуэр зыщыпсэуа фэтэрым 1988 гъэм ноябрым и 17 музей къызэlуахащ. Абы щlэлъщ Щоджэнцlыкlу Алий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр, зыщlэса еджапlэхэм я сурэтхэр, езым и хьэпшыпу щыта куэдхэр.

Къыжьыlэпхъэщ, 1975 гъэм августым и 8-м Бобруйск дэт къалэ библиотекэ 7-м усакlуэм и цlэр зэрыфlащар.

Налшык дэт Къэбэрдей драмэ театрым усакlуэшхуэм и цlэр зэрехьэ, абы и гупэ къитщ Алий и фэеплъыр, мыбы къыблокl Алий и цlэр зыфlаща уэрам дахэшхуэр, Кушмэзыкъуей щыlэ курыт еджапlэм Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зэрехьэ.

*ЩАКlУЭ Марьянэ*



Баталпашинск дэта училищэ



Бахъшысэрей еджапlэ



Усакlуэр щылэжьа еджапlэ (Кушмэзыкъуей къу.)

*ЩОДЖЭНЦIЫКIУ АЛИЙ*

# КIУЩЭ НАГЪУЭ

Ди нау цIыкIуу аргъуей пащIэ,
Къыщамыщlэм щыдыгъуакlуэ,
Жэщ зекlуэнкlэ емызэшу
Шащхьэ Iувыр зыгъэкlуасэ.
Уагъэшхакъэ къэкlухь лъакъуэ,–
Щхьэ упщlэурэ, сэ си нагъуэ?
Шатэгъуэблыр къуэзгъэтынкъэ
Нанэ жэмыш зэ къикlыжмэ.
КIущэ нагъуэу щабэрыкlуэ,
Дзыгъуэ кlуапlэр зи хэплъапlэ,
Зи напlитlыр къезышэхыу
Дакъэ хуабэм щыщхьэукъуэ,
Уагъэшхакъэ, къэкlухь лъакъуэ, –
Щхьэ упщlэурэ, сэ си нагъуэ,–
Париижьым гу къыплъитэу
Ущыдыгъуэм уигъэщтакlэ?
КIущэ нагъуэу нэ щlэукъуанцlэ,
Лъапцlэ кlуэкlэу лъэ макъыншэ,
Шэ пlапlухэр, къашагъащlэу,
Уэзгъэшхынкъэ, сэ си нагъуэ.





*Музейм*



# МАДИНЭ

*(Поэмэм щыщ пычыгъуэ)*

Жыгхэр гъагъати епэрхэр
Пщэдджыжь уэмым зэрихьэрт,
Жыгыщхьэ бзухэм я усэр
Махуэ щlэращlэм и пшынэт.
Унэм и гупэкlэ кlарц жьауэм
Шэнт лъахъшэм тесу Мадинэ
Джанэщlэ схуиду, сыгуфlэу,
Щlэст си гухэхъуэр иlэту.
Сощlэ – Мадинэ и набдзэр
Мазэщlэм хуэдэу къурашэу,
Пшэкlухьым ещхьу щхьэц фlыцlэм
Напэхум жьауэ трищlэу...
Сырымэ щlэлъу къыпфlэщlу
Нэ фlыцlэ пlащэхэр лыдыжырт,
Щыгъэхум ещхьу щынэдзэр
Iупэ плъыжь пlащlэм къыlущырт.
Зекlуэу щыплъагъукlэ а дахэм
Псы хуэм ес къэзу уlуплъэрт,
Къопсалъэ щыхъукlэ и макъыр
«Жэнэт бзу» усэу уедаlуэрт.

# УЭСГУАЩЭМ И УДЭ ГЪЭГЪАХЭР

*Псысэ*

Пшэкlэплъ къищlа къудейуэ Уэсгуащэр нэщхъейуэ хуейм ихьащ. Ихъуреягъкlэ зиплъыхьри хьэмбылуу етlысэхащ. Уэсым, щlым я мэ lэфl щlылlэтылlэр къызэрыщlихьэу, абы и тэмакъыр щиубыдыкlри и гъын къэкlуащ. Игу пыкlыртэкъым Уэсгуащэм хуейри мээри. Зиlэжьэнут иджыри, ауэ Уэсдадэр дауэ зыпигъэплъэн? Хуэм-хуэму къызэфlэувэри ежьэжащ. Нэкlум къежэбзэх нэпсыр lэщlкlэ щрилъэщlэкlым, тклуэпсхэр щlым хэткlуащ. Асыхьэтуи Уэсгуащэм и нэпсхэр зыхэткlуа щlым удз гъэгъа шакъафэ, хужь-фагъуэ цlыкlухэр къыхэжащ. Ахэр ажэгъуэмэ цlыкlут. Абыхэм Уэсгуащэ дежкlэ зашиящ. Арщхьэкlэ абыхэм гу къалъимытэу и щхьэр ехьэхауэ ар зэщыджэу кlуэрт. И лъэужьми дыгъэ нэбзий фагъуэм удз гъэгъа шакъафэхэр, шэжыпсыфэхэр кърипхъэрт.

«Сыпэплъэнщ, къигъэззжыну хъунщ», – жиlэу ажэгъуэмэм Уэсгуащэм и лъэужьым щриплъэм къилъэгъуащ хуейм аргуэру зы удз цlыкlу къызэрыщыгъэгъам. Ажэгъуэмэр абы щыгуфlыкlащ: ар епэр цlыкlут. Шынапэурэ къыхэпщам ещхьу абы зиlэтыщакъым, ауэ и нэ шакъафэ цlыкlухэм къицlыщхъукlыу дэнэкlэ щылэри зэрагъакlуэрт. Епэр цlыкlуращ къэзылъэгъуари чыцэ щlагъым къыхэплъ ландыщэр. «Сыту фlыт, ажэгъуэмэм сэрэ ди закъуэкъым Уэсгуащэм пэплъэр», – щыгуфlыкlащ ар ландыщэм.

Щlымахуэм удзхэр гъагъэу хэт илъэгъуа?!

***КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ***



# БАЖЭМРЭ УАШХЭМРЭ

*Таурыхъ*

Бажэмрэ Уашхэмрэ зэгурыІуэри къагъуэтыр зэдашхыну зэдежьащ. А тІур гъуэгум тету кІуэм-кІуэм, кІуэм-кІуэурэ, куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа, хьэлІамэ къэлъытмакъ къагъуэтащ.

Бажэм жеІэ:

– Иджы мыр дауэ тщІын? Хьэ хуэдэу тшхын, хабзэкІэ тшхын?

Уашхэм зигъэцІыкІуурэ жеІэ:

– АтІэ щІы унафэ!

Бажэм зегъэин:

– Сэ унафэ сщІымэ, нэхъыжьым едгъэшхынщ!

Уашхэм:

– ЖыІэ уи гъащІэр.

Бажэм зигъэбэлыхьу:

– Сэ жысІэмэ, уэ жыпІэн бгъуэтыжынкъым.

Уашхэр гупсысэри:

– Дунейр щымыджэмыпцІэу щІылъэр щызэпцІагъащІэм сыкъалъхуащ.

Бажэм – Іыхьыу, Іыхьыу, – жиІэри гъащ.

Уашхэм щхьэ угърэ, жиІэу щыщІэупщІэм, Бажэм зигъэнэщхъеифэурэ:

– Абы щыгъуэ си къуэ закъуэр лІати, ар сигу къэкІыжащи согъ, – жиІащ.

Бажэм хьэлІамэ къэлъытмакъыр лъысри ишхащ. ИтІанэ ежьэжхэри кІуэмкІуэурэ, кІуэм-лъэуэрэ, куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа, аргуэру зы мэлыжь цІыкІу лІауэ къагъуэтащ.

– Мыри дауэ тщІыну? – жиІащ Уашхэм.

Бажэм хьэлІамэ къэлъытмакъыр ишхауэ и ныбэ изти мэлыр къихьэхуми хуэшхынутэкъыми, гупсысэри жиІащ:

– Дыгъэжеи нэхъ пщІыхьэпІэфІ зылъагъум мэлыр ишхынщ.

АбыкІэ зэгурыІуэхэри тІури пабжьэм хыхьэжащ жеину. Бажэм и ныбэ изти фІыуэ жеящ. Уашхэр мэжалІэрти жейм емызэгъыу къэтэджри мэлыр ишхри тыншу бгъурыгъуэлъхьэжащ. Зыталайрэ жеяхэу Бажэр къэушри: «ЖыІэ пщІыхьэпІэ плъэгъуар», – щыжиІэм, Уашхэм жиІащ:

– НетІэ сэ япэу жысІащ, иджы уэ уи чэзущ.

Бажэм жеІэ:

– ЦІыху сыхъуауэ хъаным срималъхъэу, хъаным ипхъу дахэр си фызу, мэрэмэжьейхэм сефэу, хьэлыуэ-пэлыуэхэри къысхуэзэблахыу слъэгъуащ, – жиІэри.

– Пэж дыдэщ, Бажэ цІыкІу, ар сэрикІ слъэгъуат абы хуэдэу. Уэлэхьи абы мэл хьэрэмыжь цІыкІур пхуимышхыжын жысІэри сэ сшхыжащ, – жиІащ Уашхэм.

Бажэм езым ищІам хуэдэ къращІэжати зыри пимыдзыжу щакІуэ хыхьэжащ.

Зытхыжар *КІУРАШЫН БетІалщ*



*Уэрэд*

# ЖЫГЫIУIУ

Макъ. ***КЪЭБЭРДОКЪУЭ Борис***
Пс. ***ШЭДЖЫХЪЭЩIЭ Хьэмыщэ*** яйщ





Тук, тук,тук, –
Жыг еуIу.
Зи пар папцIэ
Ди жыгыуIу.
Жыгым щхьэкIэ
Ар дохутырщ,
Iэзэн пэкIэ
Хуэхьэзырщ.
Нобэ жьыуэ
Къэтэджащ.
Жыг уIуни
ЩIидзэжащ.
Сыту пIэрэ
УIуэрей
КъыджиIэнур
Дэ пщэдей?






Егъэджакlуэ **ПЩЫНОКЪУЭ Радимэ** дегъэцlыху Кенжэ дэт курыт еджапlэ 20-нэм 1-нэ классым щеджэ цlыкlухэр.

# Адыгэ махуэгъэпс

# 2016

«НУР» «НУР»





| | | ЩЫМАХУЭКУ (ЩЫШЫЛЭ - ЯНВАРЬ) | | | | | ЩЫМАХУЭКIЭ (МАЗАЕ - ФЕВРАЛЬ) | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 4 | 11 | 18 | 25 | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| ВТ | ГЪУБЖ | | 5 | 12 | 19 | 26 | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | | 6 | 13 | 20 | 27 | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| ЧТ | МАХУЭКУ | | 7 | 14 | 21 | 28 | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| ПТ | МЭРЕМ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| СБ | ЩЭБЭТ | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | 7 | 14 | 21 | 28 | |





| | | ГЪАТХЭПЭ (ГЪАТХЭПЭ - МАРТ) | | | | | ГЪАТХЭКУ (МЭЛЫЖЬЫХЬ - АПРЕЛЬ) | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| ВТ | ГЪУБЖ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| ЧТ | МАХУЭКУ | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| ПТ | МЭРЕМ | 4 | 11 | 18 | 25 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| СБ | ЩЭБЭТ | 5 | 12 | 19 | 26 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 6 | 13 | 20 | 27 | | 3 | 10 | 17 | 24 | |

ГЪАТХЭКIЭ (НАКЫГЪЭ - МАЙ)  ГЪЭМАХУЭПЭ (МЭКЪУАУЭГЪУЭ - ИЮНЬ)





| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| ВТ | ГЪУБЖ | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | | 4 | 11 | 18 | 25 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| ЧТ | МАХУЭКУ | | 5 | 12 | 19 | 26 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| ПТ | МЭРЕМ | | 6 | 13 | 20 | 27 | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| СБ | ЩЭБЭТ | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 5 | 12 | 19 | 26 | |





| | | ГЪЭМАХУЭКУ (БАДЗЭУЭГЪУЭ - ИЮЛЬ) | | | | | ГЪЭМАХУЭКIЭ (ШЫШХЬЭУ - АВГУСТ) | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 4 | 11 | 18 | 25 | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| ВТ | ГЪУБЖ | | 5 | 12 | 19 | 26 | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | | 6 | 13 | 20 | 27 | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| ЧТ | МАХУЭКУ | | 7 | 14 | 21 | 28 | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| ПТ | МЭРЕМ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| СБ | ЩЭБЭТ | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | 7 | 14 | 21 | 28 | |





| | | БЖЬЫХЬЭПЭ (ФОКIАДЭ - СЕНТЯБРЬ) | | | | | БЖЬЫХЬЭКУ (ЖЭПУЭГЪУЭ - ОКТЯБРЬ) | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 5 | 12 | 19 | 26 | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| ВТ | ГЪУБЖ | | 6 | 13 | 20 | 27 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| ЧТ | МАХУЭКУ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| ПТ | МЭРЕМ | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| СБ | ЩЭБЭТ | 3 | 10 | 17 | 24 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 4 | 11 | 18 | 25 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |





| | | БЖЬЫХЬЭКIЭ (ЩЭКIУЭГЪУЭ - НОЯБРЬ) | | | | | ЩЫМАХУЭПЭ (ДЫГЪЭГЪАЗЭ - ДЕКАБРЬ) | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | БЛЫЩХЬЭ | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| ВТ | ГЪУБЖ | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| СР | БЭРЭЖЬЕЙ | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| ЧТ | МАХУЭКУ | 3 | 10 | 17 | 24 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| ПТ | МЭРЕМ | 4 | 11 | 18 | 25 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| СБ | ЩЭБЭТ | 5 | 12 | 19 | 26 | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| ВС | ТХЬЭМАХУЭ | 6 | 13 | 20 | 27 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |

*Ягъэхьэзыращ* ***ДЖЭДГЪЭФ Борис.***
***ФАДЕЕВ Евгений*** *сымэ*

*Фыкъеджэ, зэвгъащIэ*

***БАЛИНТ Габриэль***

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭЖЬХЭР



Узэпэгэкlыр къопэгэкlыж.
Шэм исыр шхум йопщэ.
Псым Iусыр псы икIыгъуэкlэ Iэзэщ.
Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ хуумыщI.
Илъэскlэ щысар пIастэпсым ежьакъым.
Узижагъуэ къаплъэмэ, къызэплъынур уи
щхьэрэ уи лъакъуэрэщ.
МафIэм уримыджэгу, пIэщIэкIмэ ущIы-
хьэжынукъым.
Гум имылъагъур нэм илъагъуркъым.
Фоч нэщI лIитI гъэшынэщ.
Блэр зэуэр кIапсэм щощтэ.
Джэдур дзыгъуэкIэ лIыхъужьщ.
Задэшхэ IэфIщ икIи бэрэчэтщ.
Яжьэм фIамыщI и тесэнщ.
Шы кIагуэ утесмэ, шы кIэ псо ухуехь.
УзыгъалIэ псорикI емынэщ.
Джанэ нэхърэ гъуэншэдж нэхъ благъэщ.
Ныбэм имылъмэ лъакъуэр щIэкIкъым.
Дахэм и щIагъ фо щIэлъщ.
Нэм псэр и гъуэгущ.
Нанэм щIыгъур дадэщ.
УпщIалэм и былым кIуэдыркъым.
Къэрабгъэр и кIэ щощтэж.
Шым и лъакъуэ и бийщ.



# НЭЩЭНЭХЭР



Жьынду здэджэ хьэблэм зыгуэр яхолІыкІ.
Уи напщІэ гуфІэмэ, зыгуэрым уигъэгуфІэнущ.
Гъубжым кхъуэрэ пэт кхъуэц зыхигъэзыркъым.
Іэгу ижьыр шхэмэ былым уот, сэмэгур шхэмэ
былым уогъуэт.
Джэдум Іэжьабгъукlэ зитхьэщIмэ, уэфІ мэхъу.
Уи тхьэкІумэ зур уэзупщІам къищІэмэ, уигу
ибубыдар къыбдэхъунущ.
Дэп шур бгъэджалэмэ, хьэщІэ къакІуэм зы
къулейсызыгъэ къыщощІ.
БэрэскІэшхуэм (Мэрем махуэм) «си ныбэ мэуз»
жыпІэмэ, бэрэскэшхуэ къэсыху уи ныбэ узынущ.
Уи Іэбжьанэ кІыхьмэ, шейтІан тІысыпІэщ.
Пщыхьэщхьэ пшэплъ махуибл уэфІщ,
пщэдджыжь пшэплъ махуибл уейщ.
Къуалэхэр къуагъырей хъумэ уае мэхъу.
Уи бээгу уедзэкъэжмэ, лыщІэ пшхынущ.
Хьэр къэбгъапцІэмэ, накІэгуу ухъунущ.
Угъуащэмэ, мафІэ бзий здэплъагъумкІэ
умыкІуэ, хьэ банэ макъ здызэхэпхымкІэ кІуэ.
Джэдур арджэным епІэстхъмэ, хьэщІэ къэкІуэнущ.
Джэгу пщІыхьэпІэ плъагъумэ нэщхъеягъуэщ.
Уи лъэгу шхэмэ уэс къесынущ.

Къэбэрдей-венгр-латин
псалъалъэмкІэ игъэхьэзыращ
***ДЖЭДГЪЭФ Борис***








СУТЕЕВ В.

# АДАКЪЭ

*Шыпсэ*

Вовэ Адакъэ сурэт ищlащ, ауэ илэжыну щыгъупщащ. Арати, Адакъэр къэкlухьакlуэ дэкlащ плъыфэншэу, къызэрыгуэкlыу.

– Мыр сыту утеплъэншэ дыдэ?! – игъэщlэгъуащ Хьэм абы къыщыlущlэм.

Адакъэр псым хэплъащ. Хьэм жиlар пэж дыдэт.

– Умынэщхъей, – жиlащ Хьэм. – Уэ Лэчхэ я деж кlуэ, ахэр къыбдэlэпыкъунщ.

Адакъэр Лэчхэ къыздэкlуам lуэхур къащыгурыlуэм, мыпхуэдэу ящlащ. Лэч Плъыжь Адакъэм и сыджымрэ жьэпкъ кlэмпlырафэмрэ дэп маскlэплъу илащ. Лэч Щхъуэш адакъэкlэм и къабзийхэр, Лэч Щхъуантlэ дамэхэр, Лэч Гъуэжь и бгъэгур щхъуэш-щхъуантlэ-гъуэжь мычырмыфэу хуалащ.

Хьэм ар щилъэгъуам япэ щlыкlэ къыцlыхужакъым, ауэ «lу-lу-ре-lуу» – щызэхихым, и макъыр къищlэжынтэкъэ, къищlэжащ.

– Мис иджы пэж дыдэу у-Адакъэщ! – жиlащ Хьэм.





# БАДЗЭ

Бадзэр зэгуэрым
Кlуэри бэзэрым
Самовар къищэхуащ,
И ныбжьэгъухэм еджащ:
– Фыкъеблагъэ, гъуанэдэсхэ,
Сэ фэ шейкlэ фызгъэфlэнхэщ.

Гъуанэдэсхэр къызэхуэсхэрт,
Стэчан псори «жыгъумпlэ» ящlхэрт.
Хьэпlацlэ жыгъейхэм
Шейщlэт зэрытхэу,
Хэкlауэ шэ,
Ялъысырт щырыщ,
Итlанэ булкэ,
Хэлъу чыщмыщ...

# САБИЙХЭР МЭГУШЫПЭ



Анэр щIагъыбзэ хэлъу щIалэ цIыкIум йоупщI:

– Уи адэм къыпхуищэхуа зэрыджэгу хьэпшыпхэр псори зэтепкъутэфа?

– Хьэуэ, иджыри уадэр къэнащ, мамэ, – къет жэуап зэупщIам.

* * *

Хьэщ1эр Аслъэн цIыкIу йоупщI:

– Уи ныбжьыр дапщэ хъурэ?

– Куэд дэмыкIыу пщIы сыхъунущ.

– НтIэ, иджыпсту дапщэ ухъурэ?

– Иджыпсту пщIы сыхъуу аращ.

* * *

Адэм и къуэм жреIэ:

– Анзор, школым сыт хуэдэ предметым нэхъ удихьэхрэ?

– Уэзджынэм, папэ.

Зыгъэхьэзырар ***СЭРАЛЪП Зэремэщ***

*Дэ къытхуатх*




***ШЫРЫТ Нурмухьэмэд*** Нартан «Уэсэпс цIыкIу» сабий садым и гъэсэнщ. «Сэри сы-Нурщ, уэри у-«Нурщ», тIури зы мазэм дэ дыкъалъхуащ».

# ИЛЪЭСЫЩIЭ ПСЕЙ



Илъэсыщ1эм цIыхухэм уэздыгъэ зэмыфэгъухэмкIэ псей жыг цIыкIухэр ягъэщIэращIэ. Уэс Дадэм саугъэтхэр къахуехь. Япэ дыдэу ар апхуэдэу ящIу щыщIадзащ Англиемрэ Германиемрэ. А зэманым щыгъуэ цIыхухэр мэзым кIуэрти псейм и гъунэгъуу мафIэ ящIырт, къафэрт, уэрэд жаIэрт.

Язынықъуэ лъэпкъхэм я Илъэсыщ1эр бжьыхьэу хуозэ. Пасэрей римлянхэм я Илъэсыщ1эр мартым и 1-м техуэрт. Илъэсыр зэрыхъури мазипщIт. ИужькIэ мазитI хагъэхъуащ. Цезарь Юлий Илъэсыщ1эр январым и 1-м игъэIэпхъуащ.

Урысейм Петр I и унафэкIэ 1700 гъэм щыщIэдзауэ Илъэсыщ1эр январым и 1-м ягъэлъапIэ.



# «ДУНЕЙ КЪУАЛЭБЗУХЭР»

Тхакlуэ Сэрахъэ Александр мы фlэщыгъэцlэр иlэу адыгэ сабийхэм папщlэ тхылъ цlыкlу къыдигъэкlащ 2015 гъэм. Абы ящыщхэм щыгъуазэ фыхудощl.



## ЖЭНЭТБЗУХЭР

Гур яхьэхур жэнэтбзухэм,
Ди дунейри ягъэдахэ.
Ныхорсыхь дыгъэ нэбзийхэм,
Къыщалъхуащи жэнэт лъахэ.

Пшэкlэплъыфэу,нур гъуаплъафэу,
Цыпэ лыдхэщ дыщэ фащэр,
Ищlащ дыгъэм фащэр афэу,
Зыми арщ щlахэмыгъуащэр.



## КЪРУ (журавль)

Къру, къру пщэ кlыхь,
Хуабапlэр ар зи узыхь.
Ди уафэ къащхъуэр зи гъуэгу,
Фэ фыкъолъата ди жьэгу.

Десакъэ щыжытlэм и деж,
Хуабапlэм фэ фольъэтэж.
Дыножьэ, къру, къэгъэзэж,
Пхуэтщlа ди гухэлъыр къэхьыж.



## ТХЬЭРЫКЪУЭ (голубь)

Тхьэрыкъуэ пщэхуу дыщэнэ,
Хьэл щэныфlащэ зыхэлъ,
Ди мамырыгъэ нэщэнэ,
Уэ цlыкlуми урагухэлъщ.
Щыкъунхэр къыпхуагъэlэгъуэ,
Фощlыр унащхьэр тlысыпlэ...
Пкlэунэм щыфщlыми фи абгъуэ,
Цlыхугур сфlощlыр фи хэщlапlэ.

Къэщlэрей

# Фыкъеджэ хъуэхъум

Псей жыгыщlэ
Мэщlэращlэ,




Къыхырепсэ,




Къыщlырепсэ
Мамырыгъэр-
Дуней  + р.

НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 12 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
Б. ГЕДГАФОВ

Редколлегия:
А. БИЦУЕВ
Х. КАРМОКОВ
Ф. МАЛАЕВА

Художественный редактор
Е. ФАДЕЕВ

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управления Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
27.12.2015г.
Выход в свет
30.12.2015г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2720
В розницу – цена свободная
Заказ № 186
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик, ул. Ленина, 33

«Нурым» игъуджэм и хъэщІэщ Кенжэ дэт 20-нэ еджапІэм 1-нэ классым щеджэхэр.

# Дыволэхъуэжъур Илъэсыщlэм!



БАЛЭ Лаурэ



ЗАИФ Аззмэт



ТЛІУП Дамир

Хьэщlэ лъапlэу Илъэсыщlэр
Къеблэгъауэ тетщ бжэщхьэlум.
Сыхьэт къеуэм гъуэгуанэщlэр
Триухуэу ар щlодэlур.

Бжьыпэр етри илъэсыжьым
И шым уанэр трелъхьэжыр.
Иропльэжри и лъэужьым,
Нэхъыжь псалъэ къыжеlэжыр:

«Уи гъуэгу махуэу, Илъэсыщlэ,
Уэ уи натlэу мамырыгъэр!
Къыпыгъахъуэ фlыгъуэ гъащlэм,
Сэ уэстащи нэхъыжьыгъэр.

Захуэу шэщlащ уэста гъуэгур,
Уигу здэщыlэм нрес уи лъэр.
Къэгъэlэгъуэ насып щыгур,
Къулей пщlыуэ къэрал щlылъэр!»

*ЩОМАХУЭ Амыркъан*



МАМИЙ Ясминэ



КАЧАНОВ Денис



КЪАНКЪУЛ Ренат